



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 10 oktòb 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ASIYASYON POU KONPARÈT YO BAY KONT MÈT BROOKLYN KÒM REPONS  
POU ASÈLMAN YO AKIZE LI FÈ SOU LOKATÈ YO**

***Inite Pwoteksyon Lokatè Fè Ankèt kont Abi Lokatè nan Bilding ki Kontwole Lwaye nan Vil New York***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Inite Pwoteksyon Lokatè (TPU) Eta a te remèt yon asiyasyon pou konparèt kont yon mèt kay yon akize ki vyole dwa lokatè yo nan katye Flatbush/Crown Heights Brooklyn. Asiyasyon pou konparèt la mande dokiman nan Homewood Gardens ak sèt lòt pwopriyete ki gen yon total 181 apatman, epi Yeshaya Wassermank ki posede ak kontwole yo. Wasserman te fè espere pou angaje nan yon abitud konpòtman abizif ak vyolasyon lwa sou pri lwaye a ki parèt aklè.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Eta New York p ap kite mèt kay yo pran avantaj sou lokatè yo nan pwojè malonèt ak ilegal. Lè nou te lanse Inite Pwoteksyon Lokatè ane pase, administrasyon mwen an te kreye yon nouvo siveyans lokatè serye pou sispann asèlman epi pou evite diskriminasyon. Asiyasyon sa pou konparèt sa yo se prèv ki montre TPU ap batay san pran souf pou asire mèt kay mèt dam pa gen plas yo nan New York."

Darryl C. Towns, Manm Komisyon/Direktè Jeneral New York State Homes and Community Renewal (HCR), ki gen TPU ladan, di konsa, "Lè mwen t ap fè entèvyou avèk lokatè ki nan bilding sa yo, nou te konprann kijan yo te santi yo te defavorize – kèk ladan yo te gen laperèz pou yo ta pètèt pèdi kay yo. Antan yon moun ki fèt nan Brooklyn, mwen konnen pifò mèt lojman ki gen lwaye kontwole isit la respektè lalwa, fè biznis jis epi avèk onètete avèk lokatè yo. Gras ak kalite dirijan Gouvènè a, TPU bay repons san pèdi tan pou rapò asèlman ak konpòtman ilegal – epi pou derasinen kèk move aktè pou fè yo pran responsablite yo."

Lokatè ki la lontan nan Homewood Gardens (651-667 Brooklyn Avenue, 652-668 Brooklyn Avenue ak 416-444 Hawthorne Street) te kontakte TPU pou ede yo avèk mèt kay yo fè konnen yo te viktim yo lè mèt kay la: pa t chanje chèk lwaye yo, pa t bay yo sèvis tankou chofaj ak dlo cho, kraponnen lokatè yo pou fè yo kite apatman yo, mete lokatè yo anba pwosedi tribinal lojman ki pa gen fondman, epi double oswa triple pri lwaye a imedyatman apre li achte pwopriyete a.

Haitian Creole

Answit, yon premye odit dosye ajans lan montre mèt kay la souvan te anrejistre lokatè avèk ajans lan pou egzakteman \$2.500 dola, kèlkeswa sa pri lwaye a te anrejistre anvan. Lè mèt kay la te fè sa, sa te pèmèt li fè konnen pri lwaye a te rive nan limit deregle – epi li te kapab sòti nan règleman an. Dosye ajans lan montre mèt kay la ka te deregle apatman yo yon fason ilegal pandan li t ap resevwa yon rabè fiskal I-51, ki egzije pou apatman yo rete nan lwaye kontwole.

Aga Trojniak ki nan Kowalisyon Lokatè Flatbush, ki te travay avèk TPU sou ankèt la, di konsa, “Pou lokatè ki te souffri ak batay avèk asèlman an, lè nou konnen ajans Gouvènè Cuomo ap mennen ankèt - bay yon gwo soulajman. Men soulajman an pa sèlman pou lokatè yon move mèt kay – li pwolonje pou lòt lokatè ki ka toumante menm jan avèk yon mèt kay abizif. Lokatè yo ak defansè yo kounye a gen yon kote pou pote plent, gras ak Gouvènè a.”

Edward Josephson, Direktè Litigation, South Brooklyn Legal Services, di konsa, “Mèt kay yo pa kapab angaje nan pratik koripsyon ki menase lokatè yo epi ki mete yo an danje. Nou p ap tolere asèlman mèt kay yo fè ki vyole lalwa. Nou kontan anpil pou travay avèk Inite Pwoteksyon Lokatè Gouvènè Cuomo pou mete yon pwen final nan konpòtman diskriminasyon ak abi sa a.”

Lwa sou pri lwaye Eta New York, ki te ranfòse nan ane 2011, deziyen pou pwoteje prèske yon milyon sitwayen lojman ki nan pri lwaye kontwole. Gouvènè Cuomo te kreye TPU nan ane 2012. Li te kòmanse ranfòse lwa sou pri lwaye eta a yon fason dinamik. Nan aktivite prensipal li, TPU te fè yon odit owaza sou pwopriyetè bilding ki pa t anrejistre pwopriyete yo nan dènye katran yo jan lalwa egzije sa.

TPU te fè odit tou sou mèt kay yo, pou mande prèv travay ki fèt nan amelyorasyon apatman ki te ogmante prive lwaye a nèt epi ki te itilize lontan pou retire apatman yo anba règleman an. Pou premye fwa, yo te voye asiyasyon pou konparèt ba mèt kay ki pa t konfòme yo avèk demann TPU pou prèv obligatwa amelyorasyon apatman sa yo.

Nan mwa jwen 2013, TPU te bay premye asiyasyon enpòtan li pou konparèt kont Castellan Real Estate Partners/Liberty Place Property Management, pwopriyetè/manadjè kèk 1.700 apatman nan plis pase 35 bilding nan Harlem, Washington Heights ak South Bronx Ankèt la ap kontinye.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418